

HEGEMONI SAJRONE NOVEL SAPECAK BUMI SING KOBONG ANGGITANE HAZTIN ZAINA (TINTINGAN SOSIOLOGI SASTRA)

Desita Dewi Indraswari

Pendidikan Bahasa dan Sastra Daerah, Fakultas Bahasa dan Seni, Universitas Negeri Surabaya

email : desitaindraneswari@gmail.com

Abstrak

Novel *Sapacak Bumi Sing Kobong* anggitane Haztin Zaina nyritakake ngenani perjuwangane bangsa Indonesia sing dijajah Walanda. Maneka warna konflik lan intrik tuwuh ing antarane paraga siji lan sijine saengga njalari anane praktek hegemoni. Underane panliten iki yaiku (1) Kepriye sesambungan antarane paraga siji lan paraga liyane; (2) Kepriye gegambarane konflik-konflik kang nuwuhake hegemoni ; lan (3) Kepriye wujud hegemoni sajrone novel *Sapacak Bumi Sing Kobong*. Ancase panliten yaiku (1) Njlentrehake sesambungan antarane paraga siji lan paraga liyane; (2) Njlentrehake gegambarane konflik-konflik; (3) Njlentrehake wujud hegemoni sajrone novel *Sapacak Bumi Sing Kobong*. Paedahe panliten yaiku ngrembakake panliten sastra, nambahi kawruh tumrap pamaos, bahan ajar piwulang sastra, lan bisa didadekake bahan rujukan kanggo panliti sabanjure.

Panliten iki kalebu panliten *kualitatif* sing nggunakake teori sosiologi sastra. Metodhe sing digunakake yaiku *deskriptif analitik*, dhata arupa tetembungan, ukara lan wacana saka dhata sing arep diandharake. Sumber dhatane arupa novel *Sapacak Bumi Sing Kobong*. Teknik pangumpulan dhata nggunakake teknik kapustakan.

Asile panliten bisa diperang dadi telu. Kapisan, ngandharake ngenani sesambungan antarane paraga siji lan paraga liyane sing bisa diperang dadi enem yaiku sesambungan pacangan kekasih, sesambungan antarane wong bebojoan, sesambungan antarane ibu lan anak, sesambungan antarane republik lan masyarakat biyasa, sesambungan antarane republik lan antheke Landa, banjur kang pungkasan sesambungan antarane pamimpin lan antheke. Kaloro, ngandharake konflik-konflik kang ana sajrone crita sing diperang dadi lima yaiku, beda pamikiran, beda tujuwan, rebutan ganjaran, rebutan kakuwasan, dendam, lan rebutan tresna. Katelu, ngandharake wujud hegemoni kang ana sajrone crita. Hegemoni kasebut yaiku hegemoni supaya manut marang sawijine prentah, hegemoni supaya manut marang sawijine pamikiran, lan hegemoni kanggo njlomprongake (bhs.Indonesia: menjebak).

Tembung wigati: konflik, hegemoni, sosiologi sastra

PAMBUKA

Lelandhesane panliten

Kasusastran minangka asil pamikirane manungsa ngenani maneka warna kedadeyan sosial kang dumadi sajrone panguripan saben dina. Kasusastran minangka gegambarane saka kedadeyan nyata sajrone panguripane manungsa lan gegambarane masyarakat ngenani kahanan ing sakupenge. Mula saka iku kasusastran ora bisa uwal saka penguripane manungsa. Gegayutan karo bab kasebut, Endraswara (2008:78) ngandharake yen kasusastran minangka *ekspresi* panguripane manungsa sing ora uwal saka bebrayan. Manungsa lan panguripane minangka wewujudan anane mula bukane reription sastra. Kasusastran mujudake pangudhaling pamikiran

lan pangrasane manungsa sing diwujudake lumantar medhia basa. Hutomo (1997:39) ngandharake menawa kasusastran mujudake asil pikiran lan rasa-pangrasane manungsa kanthi cara lisan lan tinulis, lumantar basa sing endah miturut konteks. Tuwuhe kasusastran amarga anane dhasar kekarapane pangripta kanggo nyuntakake emosi lan pangrasane, nuduhake gegambarane ngenani kasunyatan lan ngandharake pesen utawa amanat. Bisa didudut yen kasusastran minangka asil pamikirane manungsa.

Semana uga sajrone kasusastran Jawa, pangripta uga nggambarake imajinasi lan kasunyatan kang ana sajrone panguripan masyarakat Jawa. Kasusastran Jawa wis ana wiwit abad IX nganti seprene. Pangrembakane kasusastran Jawa uga ora uwal saka owah gingsire jaman manut pangrembakane jaman.

Suwarni (2013:1) ngandharake yen periode kasusastran Jawa ana telu yaiku, kasusastran Jawa Kuna, kasusastran Jawa Pertengahan, lan kasusastran Jawa Anyar.

Kasusastran Jawa modern mujudake kasusastran kang kagolong anyar, senajan isih anyar nanging kasusastran Jawa modern wis ngasilake maneka werna kasusastran. Miturut Rass (1985: 8) sastra Jawa modern yaiku sastra sing oleh pangaribawa saka sastra manca. Mula saka iku wujud sastra Jawa modern saemper kaya sastra manca kayata cerkak, novel lan geguritan.

Salah sawijine *genre* sastra Jawa modern yaiku novel. Miturut Najid (2009:22), novel yaiku crita kang nduweni wujud prosa kang cukup rowa lan ngandharake panguripan saben dinane. Rowa ateges alur sing ruwet, wewatekane paraga kang maneka werna, tema kang akeh jinise, swasana kang maneka werna, lan setting crita kang beda-beda. Kajaba kuwi novel uga nyritakake uripe manungsa minangka obyek. Saemper karo andharane Najid, Nurgiyantoro (2002:11) ngandharake yen novel ngandharake samubarang kanthi luwih bebas, nyuguhake samubarang luwih akeh, luwih rinci, lan ngemu maneka werna kedadeyan kang luwih kompleks. Bisa didudut yen novel yaiku karya sastra kanthi alur kang dawa kang nyritakake panguripane manungsa minangka obyek lan nduweni sipat imajinatif. Salah sawijine novel Jawa yaiku novel kanthi irah-irahan *Sapecak Bumi Sing Kobong* anggitane Haztin Zaina.

Novel *Sapecak Bumi Sing Kobong* nyritakake ngenani perjuwangane bangsa Indonesia nalika dijajah bangsa Walanda. Kadegsiyan lan kamurkan minangka cara bangsa Walanda kanggo nguwasai bangsa Indonesia. Mula saka kuwi ora sithik para paraga kang tuwuh semangate kanggo mbela negara nglawan penjajah. Tumindak khiyanat uga ditemokake sajrone crita iki. Khiyanat kang ditindakake saperangan paraga kayata, Lia, Sudrajat, Baharudin, Jambur lan liya-liyane kuwi dilandhesi merga anane dendam, golek pangayoman marang Walanda, pangkat lan dhuwit. Saliyane kuwi maneka konflik kang ana sajrone crita kasebut njalari tuwuhe praktek hegemoni kang ditindakake para paragane.

Gegambaran konflik-konflik lan hegemoni kang ana sajrone novel *Sapecak Bumi Sing Kobong* iki nuwuhake maneka pitakonan kang narik kawigaten kayata, kepriye konflik-konflik kang ana saben paraga lan kepriye wujud hegemoni saka anane konflik-konflik kasebut. Mula sajrone panliten iki nyoba mangsuli pitakonan kasebut lan njlentrehake kanthi nggunakake tintingan

sosiologi sastra. Tintingan sosiologi sastra yaiku salah sawijine teori kang nganalisis kanthi cara langsung antarane sastra lan masyarakat (Ratna, 2013:3).

Novel *Sapecak Bumi Sing Kobong* iki wis tau diteliti ngenani nasionalisme paraga utama kanthi gunakake tintingan postkolonialisme. Mula sajrone panliten iki, Novel *Sapecak Bumi Sing Kobong* kang sabanjure dicekak dadi SBSK kasebut bakal ditintingi nggunakake tintingan sosiologi sastra. Saka andharan kasebut mula irah-irahan saka panliten kang arep diteliti yaiku *Hegemoni sajrone Novel Sapecak Bumi Sing Kobong* anggitane Haztin Zaina: *Tintingan Sosiologi Sastra*.

Underane Panliten

- 1) Kepriye sesambungan antarane paraga siji lan paraga liyane sajrone novel *Sapecak Bumi Sing Kobong* anggitane Haztin Zaina?
- 2) Kepriye gegambarane konflik-konflik kang nuwuhake hegemoni sajrone novel *Sapecak Bumi Sing Kobong* anggitane Haztin Zaina?
- 3) Kepriye wujud hegemoni sajrone novel *Sapecak Bumi Sing Kobong* anggitane Haztin Zaina?

Tujuwan Panliten

- 1) Njlentrehake sesambungan antarane paraga siji lan paraga liyane sajrone novel *Sapecak Bumi Sing Kobong* anggitane Haztin Zaina.
- 2) Njlentrehake gegambarane konflik-konflik kang nuwuhake hegemoni sajrone novel *Sapecak Bumi Sing Kobong* anggitane Haztin Zaina.
- 3) Njlentrehake wujud hegemoni sajrone novel *Sapecak Bumi Sing Kobong* anggitane Haztin Zaina.

Paedah Panliten

Panliten iki nduweni paedah tumrap wong akeh. Mula saka iku, paedahe panliten iki kaperang dadi telung perangan, yaiku:

- 1) Tumrap kausastran Jawa modern, bisa nambahi cacahé kritik sastra sajrone donyane kasusastran Jawa modern. Panliten iki uga bisa nambahi kawruh kanggo ngapresiasi kasusastran Jawa modern.
- 2) Tumrap Panliti, minangka wujud pangetrapan kawruh lan katrampilan sing ditampa sasuwene ing bangku kuliyah.
- 3) Tumrap Pamaca, bisa nambahi kawruh babagan analisis kasusastran, mligine

panliten sing gunakake tintingan sosiologi sastra.

- 4) Tumrap pamulangan, bisa kanggo bahan piwulangan apresiasi sastra ing sekolahan.

METODE PANLITEN

Ancangan Panliten

Panliten kanthi irah-irahan “Hegemoni Sajrone Novel *Sapecak Bumi Sing Kobong Anggitane Haztin Zaina: Tintingan Sosiologi Sastra*” kalebu panliten *kualitatif*. Moleong (2007:6) ngandharake panliten *kualitatif* yaiku panliten sing nduweni maksud kanggo mangerteni kedadeyan ngenani apa sing dialami dening subjek panliten, tuladhane sikep, panemu, *motivasi*, tumindak, lsp kanthi cara *holistic*, lan kanthi cara deskripsi sajrone wujud tetembungan lan basa, sajrone konteks mirunggan sing alamiah lan karo nganggo metodhe alamiah. Panliten iki bisa ngasilake dhata *deskriptif* awujud tembung-tembung tinulis ngenani hegemoni sing bisa digoleki sajrone novel *Sapecak Bumi Sing Kobong*. Panliten iki nggunakake metodhe *deskriptif*, sing ditindakake kanthi cara menehi gambaran ngenani fakta-fakta sing sabanjure diwenehi jlentrehan. Miturut Siswanto (2005:56), nganggep yen metodhe *dheskriptif* bisa ditegesi minangka prosedur pamecahan prekara kanthi gambarake utawa gambarake kahanan subjek utawa objek panliten (pawongan, lembaga, masyarakat, lan liya-liyane) nalika pawongan adhedhasar fakta-fakta utawa kasunyatan sing katon kaya apa anane. Metodhe iki digunakake kanggo ngonceki siji mbaka siji dhata panliten sing sabanjure diwenehi katrangan.

Novel *Sapecak Bumi Sing Kobong* anggitane Haztin Zaina dijlentrehake kanthi nggunakake pamarekan sosiologi sastra. Kanggo nglandhepake pamarekan sosiologi sastra, novel *Sapecak Bumi Sing Kobong* diandharake kanthi disengkuyung unsur instrinsik kanggo mangerteni paraga lan konflik kang ana sajrone crita. Kanthi mangkono, gegambaran hegemoni, sajrone novel iki bisa dijlentrehake kanthi luwih rinci.

Sumber Dhata lan Dhata Panliten

Sumber dhata yaiku subjek asal saka dhata kang dijupuk (Arikuntoro, 2006:129). Dhata sajrone panliten iki asale saka sumber kang arupa dhata tulis. Sumber dhata kang digunakake sajrone panliten iki yaiku novel SBSK anggitane Haztin Zaina.

Ratna (2013:47) ngandharake sajrone ilmu sastra, sumber dhata kang digunakake arupa karya utawa naskah, minangka dhata formale

yaiku tembung-tembung, ukara, lan wacana. Dhata kuwi minangka bahan utawa objek kang bakal dikaji. Dhata sajrone panliten iki arupa tembung-tembung, larik, ukara lan pada kang dijupuk saka novel SBSK anggitane Haztin Zaina kang digolong-golongake adhedhasar jinis, prakara kang diteliti, yaiku salaras karo undherane panliten.

Instrumen Panliten

Sajrone panliten mbutuhake instrumen minangka piranti kanggo nglumpukake dhata, lan kanggo nyengkuyung proses njupuk sawijine dhata. Instrumen ing panliten iki yaiku panliti dhewe, amarga panliti ing kene minangka subjek kang bakal nindakake panliten. Saliyane panliti, panliten iki uga nggunakake kartu data minangka instrument panliten. Kartu data digunakake kanggo nyathet data kang kasil ditemokake. Kartu dhata digawe nggunakake kertas buffalo maneka warna kanthi ukuran 10 cm x 15 cm. Maneka warna kartu dhata digunakake kanggo ngklasifikasikake dhata sing wis ditemokake.

Teknik Nglumpukake Dhata

Panliten iki kalebu studi kapustakan. Sumber dhata kang digunakake awujud dhokumen (film, video, utawa informasi saka internet), jurnal, buku-buku, lan kalawarti ilmiah, uga publikasi kang wis didokumentasikake (Sunarto, 2001:28). Panliten iki gunakake sumber pustaka arupa novel, buku-buku, lan informasi saka internet kang ana gegayutane karo underaning panliten.

Pangimpune dhata sajrone panliten iki yaiku nggunakake teknik maca. Teknik maca digunakake nalika nggoleki dhata-dhata kang nduweni sesambungan karo panliten kang ditindakake kanthi cara maca sumber kang dadi objek panliten. Ratna (2013:18) ngandharake maca objek karya sastra kudu ditindakake kanthi cara bola-bali kanthi tujuwan supaya sakabehe unsur bisa dimangerteni kanthi tenanan.

Endraswara (2008:162-163) ngandharake tahap-tahap kang ditindakake sajrone studi kapustakan ana 3, yaiku:

- a. Maca lan ngamati novel

Tahap iki, kang kudu ditindakake yaiku maca saka ngarep kanthi pungkasan novel SBSK anggitane Haztin Zaina kanthi bola-bali. Iku ditindakake kanthi tujuwan supaya panliti nduweni gegambaran kanthi total lan mangerteni isi novel kanthi cetha.

- b. *Investasi* dhata

Sawise maca novel SBSK anggitane Haztin Zaina, tahap sabanjure kang kudu ditindakake

yaiku nyathet dhata-dhata lan milih pethikan kang ngandhut unsur-unsur kang gayut karo underane panliten yaiku wujud hegemoni sajrone novel SBSK. Wujude arupa tembung utawa ukara kang utuh.

c. Nggolongake dhata

Tahap kang sanajure kudu ditandakake yaiku nggolongake dhata kang wis dicathet miturut prakara lan ancasa panliten kang wis ditemtokake yaiku ngenani sesambungan antarane paraga siji lan paraga liyane, konflik, lan wujud hegemoni. Tahap iki nduweni ancasa kanggo njupuk dhata sing dibutuhake lan nyisihake dhata sing ora dibutuhake.

3.1 Tata Cara Panjlentrehe Dhata

Metodhe kang digunakake sajrone panliten iki yaiku nggunakake metodhe *deskriptif analisis*. Metodhe *deskriptif analisis* mujudake metodhe gabungan yaiku metodhe *deskriptif* lan metodhe *analisis*. Ratna (2013:53) ngandharake yen metodhe *deskriptif analisis* ditindakake kanthi cara njlentrehake fakta-fakta kang sabanjure disusun kanthi *analisis*. Metodhe iki digunakake kanggo njlentrehake dhata banjur dijlentrehake luwih rowa, menahi gambaran saka dhata sing wis dijlentrehake.

Teknik analisis dhata sing digunakake ing kene yaiku teknik *open coding*. Teknik *open coding* yaiku pangumpulan dahta saakeh-akehe kang nduweni gegayutan karo underane panliten. Purnomo (2013:136) ngandharake yen pangetrapane teknik *open coding* yaiku ngliputi ngrinci, mriksa, mbandhingake, ngonseptualisasikake, lan nggolongake dhata. Tata cara analisis dhata kang ditindakake sajrone panliten iki bakal diandharake kaya ing ngisor iki.

- 1) Nglumpukake, ngrinci lan mriksa dhata kang nduweni gegayutan karo sesambungan antarane paraga siji lan paraga liyane, konflik-konflik kang nuwuhake hegemoni, lan wujud hegemoni kang ana sajrone novel SBSK.
- 2) Nggolongake dhata kang wis diklumpukake adhedhasar sesambungan antarane paraga siji lan paraga liyane yaiku sesambungan kang apik lan ora apik. Konflik-konflik kang nuwuhake hegemoni sajrone carita. Wujud hegemoni kang diperang dadi telu yaiku hegemoni total, *merosot*, lan *minimum*.
- 3) Nganalisis sesambungan antarane paraga siji lan paraga liyane, konflik-konflik kang nuwuhake hegemoni, lan wujud hegemoni kang wis diklumpukake.

- 4) Menahi dudutan ngenani hegemoni kang ana sajrone novel SBSK.

5)

ANDHARAN ASIL PANLITEN

Sesambungan antarane Paraga Siji lan Sijine Sajrone Novel *Sapecak Bumi Sing Kobong*

Sesambungan antarane paraga siji lan paraga liyane sajrone novel *Sapecak Bumi Sing Kobong* iki yaiku,

- sesambungan antarane Amalia lan Harmoko yaiku sesambungan telik sandhi lan republik.
- Sesambungan kondektur lan Harmoko yaiku sesambungan masyarakat kang nyengkuyung perjuwangane gerilyawan lan gerilyawan.
- sesambungan Lik Itun lan Harmoko yaiku sesambungan masyarakat kang nyengkuyung perjuwangane gerilyawan lan gerilyawan.
- sesambungan antarane Baharudin lan Harmoko yaiku sesambungan telik sandhi lan republik.
- Sesambungan antarane Harmoko lan Nuraini yaiku sesambungan pacangan kekasih.
- sesambungan antarane ibune Nuraini lan Nuraini yaiku sesambungan ibu lan anak.
- sesambungan antarane serdhadhu lan Harmoko yaiku sesambungan antarane antheke Landa lan kaum gerilyawan.
- Sesambungan antarane Baharudin lan Harmoko yaiku sesambungan antarane antheke Landa lan kaum gerilyawan.
- sesambungan antarane bapake Nuraini lan ibune Nuraini yaiku sesambungan wong bebojoan.
- Sesambungan antarane Amalia lan Baharudin yaiku sesambungan para antheke Landha.
- Sesambungan antarane Baharudin lan Jambur yaiku sesambungan para antheke Landha.
- Sesambungan antarane Baharudin lan Encok Siwalan yaiku sesambungan para antheke Landha.
- Sesambungan antarane Letnan Jaladri lan Amalia yaiku sesambungan antarane Pamimpin lan antheke.
- Sesambungan antarane Tuwan Bule lan telik sandhine yaiku sesambungan antarane Pamimpin lan antheke.
- Sesambungan antarane Amalia lan Nuraini yaiku sesambungan wong wadon kang nresnani jejaka kang padha.

Konflik-Konflik Kang Nuwuhake Hegemoni Sajrone Novel *Sapecak Bumi Sing Kobong*

- konflik antarane ibu lan Nuraini ngenani ora sarujuke ibu menawa Nuraini nresnani Harmoko.

- konflik antarane ibu lan bapak ngenani mlebone Sudrajat dadi serdhadhu.
- konflik antarane Jambur, Baharudin lan Encok Siwalan ngenani rebutan ganjaran saka Tuwan Bule.
- konflik antarane Amalia lan Nuraini ngenani nresnani wong lanang kang padha.
- konflik antarane Harmoko lan Nuraini ngenani nyidrani tresna.
- konflik antarane Amalia lan Kaum republik ngenani patine wong tuwane Amalia.
- konflik antarane bangsa Landa lan kaum republikan babagan rebutan kakuwasan lan kamardikan.

Hegemoni Sajrone Novel *Sapecak Bumi Sing Kobong*

1) Hegemoni Amalia marang Harmoko

Sajrone novel SBSK iki pihak kang sepisanan nindakake hegemoni yaiku Amalia. Amalia nindakake hegemoni marang paraga Harmoko. Hegemoni Amalia iki ditindakake nalika dheweke lan Harmoko numpak sepur tumuju menyang sawijine Kutha. Hegemoni iki ana sajrone rembugan antarane Amalia lan Harmoko ngenani tinggalane bangsa Landa arupa sepur kang lagi ditumpaki nalika iku. Hegemoni Amalia marang Harmoko bisa dideleng ana ing pethikan ngisor iki.

“Apa panjenengan yakin upama ora ngliwati penjajahan papan kene iki wis dipasang rel sepur? Utawa dalam elor kuwi wis diaspal? Apa uga yakin, manawa ora ngliwati jamane Daendels saka Anyer tekan Panarukan wis digawe dalamurut pesisir mas?” (Zaina, 2010:2)

Pethikan ing ndhuwur njlentrehake yen Amalia nduweni pamikiran kang beda karo pamikiran Harmoko. Amalia yakin yen sepur kang ditumpaki nalika kuwi barang warisan saka bangsa Landa. Beda karo pamikiran Harmoko, barang-barang tinggalane bangsa Landa kayata sepur kuwi tukune saka asil bumi kene. Mula saka kuwi barang-barang kasebut asli duweke bangsa Indonesia. Amalia nyoba nyethakake maneh pamikiran Harmoko, miturute Amalia yen ora ngliwati mangsa penjajahan ora mungkin yen papan kunu wis dipasang rel sepur, uga menawa ora ngliwati jamane Daendels saka Anyer tekan Panarukan mokal yen wis digawe dalamurut pesisir. Harmoko kapeksa sarujuk marang apa kang diandharake dening Amalia senajan dheweke ora satemene sarujuk marang pamikiran Amalia. Mula hegemoni ing ndhuwur kalebu hegemoni *merosot*. Hegemoni Amalia uga

ditindakake nalika Amalia mangerteni ngenani tatune Harmoko. Miturute Amalia tatu kasebut butuhake perawatan. Hegemoni kasebut bisa dideleng ana ing pethikan ngisor iki.

“Becike saben esuk digodhogake banyu anget mas, kanggo nyeka sing lara. Wiwit sesuk mas dakcobane.”

“Gak perlu Lia,” sumaure karo nglirik kenya ing sisihe.

Sing dilirik krasa, mesem. Nuli, “Iki perlu perawatan mas.”

“Ndeleng-ndeleng kahanan lan situasine.”

“Nanging rak malangi lakune perjuangan kaum gerilyawan mas!”

“Ora malangi, mung karena iki aku ngrepoti kanca-kanca. Kalebu kowe Lia. Perjuangan kaum gerilyawan jalan terus, aku yakin tujuan sing suci wekasane sing bakal menang.” (Zaina, 2010:85)

Saka pethikan ing ndhuwur, Amalia ngewenehi pamanggih supaya tatune Harmoko becike digodhogake banyu anget saben isuk. Tumrape Amalia, tatune Harmoko kuwi malangi lakune perjuangan gerilyawan. Saengga tatune Harmoko kasebut merlokake perawatan supaya cepet waras. Harmoko ora sarujuk marang apa sing dikandhakake Amalia. Harmoko ngrasa yen tatune kuwi ora apa apa. Harmoko uga ngrasa yen tatune kasebut bakal ngrepoti kanca-kanca gerilyawan lan Amalia.

Tingkat hegemoni kang ditindakake Amalia marang Harmoko kalebu hegemoni *minimum*. Harmoko ora sarujuk marang pamanggih Amalia ngenani perawatan kanggo tatune kasebut. Miturute Harmoko, bab kuwi malah ngrepoti kanca-kanca gerilyawan lan Amalia. Saengga hegemoni Amalia marang Harmoko ora kasil ditindakake. Harmoko luwih mertahanake pamikiranane tinimbang nampa pamikiran Amalia kasebut.

2) Hegemoni Kondektur marang Harmoko

Paraga kang nindakake Hegemoni marang Harmoko sabanjure yaiku Kondektur. Sepur sing ditumpaki Harmoko mandeg amarga bahan bakare entek, kamangka sepur dhurung nganti tekan ing stasiun. Kondektur kang nalika kuwi lagi ngatur para penumpang nyawang Harmoko kanthi tajem. Kondektur kasebut weruh yen Harmoko kuwi republikan. Sawise mangerteni tujuwane Harmoko teka ing kutha kasebut saperlu arep melu perjuangan, Kondektur ngewenehi pamanggih marang Harmoko supaya mudhun ana ing papan kunu. Bab kasebut kanthi ora langsung kalebu hegemoni. Hegemoni kasebut bisa dideleng ana ing pethikan ngisor iki.

Kondektur mau manthuk-mantuk banjur kandhane lirih, "Adhik mriki kemawon. Setasiun sampun dikuwasani Landi, sepur mandheg punika kalawau rak ngandhapaken kanca-kanca gerilyawan ingkang medal saking kitha. Sampun sami mandhap kalawau sami nyamar bakul-bakul sepuran, sami nylundup dhateng padhusunan." (Zaina, 2010:8)

Saka pethikan ing ndhuwur, kondektur ngewenehi pamanggih supaya Harmoko mudhun ing papan kuwi amarga Setasiun wis dikuwasani dening Landa. "Adhik mriki kemawon. Setasiun sampun dikuwasani Landi, sepur mandheg punika kalawau rak ngandhapaken kanca-kanca gerilyawan ingkang medal saking kitha.". Saka nasehat kondektur kasebut, Harmoko ngalami *pergolakan* batin kang mangaribawani pola pikire. Saengga hegemoni saka kondektur kasebut kasil ditampa dening Harmoko.

Tingkat hegemoni kang ditindakake Kondektur marang Harmoko kalebu hegemoni total. Harmoko sarujuk marang pamanggih kondektur supaya mudhun ing papan kuwi lan ora nerusake lakune menyang stasiun amarga stasiun wis dikuwasani Landa. Bab kuwi mbabayani kanggone Harmoko minangka kaum republiken. Harmoko ora ngrasa kapeksa sajrone nindakake pamanggih kondektur.

3) Hegemoni Ibune Nuraini marang Nuraini

Paraga liya kang nindakake praktek hegemoni yaiku Ibune Nuraini. Ibu nduweni kalungguhan sing luwih dhuwur tinimbang anak sajrone kaluwarga. Mula saka iku paraga Ibune Nuraini bisa kanthi gampang nindakake hegemoni marang Nuraini. Hegemoni Ibune Nuraini marang Nuraini yaiku supaya Nuraini nglereni anggone dheweke nresnani Harmoko. Ibune Nuraini ora seneng marang Harmoko. Hegemoni kasebut bisa dideleng ana ing pethikan ngisor iki.

"Nur, kowe kudu ngerti karepe ibu, "kandhane ibune sawatara minggu kepungkur. Banjur, ".....apa sing bisa kok purih saka Harmoko bocah lola kae? Bandha? Pangkat? Apa maneh yen rong perkara kuwi ora kena dipurih? Rupane apa budhine? Rupane ya ora ngemasinangkling. Isih akeh sing gagah lan luwih nggantheng. Dene budine dhurung bisa dileler! Kowe kudu ngerti kersane ibu Nur. Ibu kuwatir yen kowe bakal kaduwung krana mung nuruti karepe ati. Mangka kowe durung luwih ngerti lekak-lekuke urip iki tinimbang ibu. Kuwi gagasan sing mateng Nur, iki kabeh mung kanggo kabegjane uripmu ing tembe, ora ana niat liya! Aku ora kepengin nyawang wong urip sengsara, mulane aku ora lila menawa kowe banjur kliru nresnani

Harmoko." (Zaina, 2010:29-30)

Pethikan ing ndhuwur ngemu hegemoni kang ditindakake ibune Nuraini marang Nuraini. Ibune Nuraini kepengin Nuraini manut marang apa kersane Ibune. Dheweke ora sarujuk karo sesambungane Nuraini lan Harmoko. Dheweke mangaribawani Nuraini supaya Nuraini nimbang babagan kasebut kanthi mateng. Ibune Nuraini ora kepengin Nuraini keduwung krana mung nuruti karepe ati. Miturut ibune ora ana sing bisa dipurih saka Harmoko amarga bandha lan pangkat ora diduweni jaka kuwi. Isih akeh sing luwih gagah lan luwih ganteng tinimbang Harmoko.

Hegemoni ing ndhuwur kalebu hegemoni *minimum*, amarga pihak kang dihegemoni yaiku Nuraini ora sarujuk karo pamikiran pihak kang nindakake hegemoni yaiku ibune Nuraini. Nuraini ora salaras karo pamikiran ibune. Dheweke tetep mertahanake pamikiran dhewe saengga hegemoni ibune Nuraini marang Nuraini ora kasil ditindakake.

4) Hegemoni Bapake Nuraini marang Ibune Nuraini

Hegemoni kang ditindakake bapake Nuraini kalebu hegemoni ideologi. Hegemoni ideologi digunakake kanggo nandur pamikiran-pamikiran marang pihak kang dihegemoni. Hegemoni bapake Nuraini marang ibune Nuraini yaiku supaya ibune Nuraini nimbang-nimbang maneh ngenani kaputusanane nglebokake Sudrajat dadi serdhadhu bangsa Landa. Hegemoni kasebut ditindakake bapake Nuraini kanthi nandurake pamikiran ngenani gerilyawan kang mbela bebener lan melbu dadi serdadu ateges dadi penghiyanat. Hegemoni bapake Nuraini marang ibune Nuraini bisa dideleng ana ing pethikan ngisor iki.

"Nanging apa kowe ora ngerti bu yen kaum gerilyawan kae mbela bebener. Ngentas tanah-air sing wis atusan taun kelem ing penjajahan, nedya njejegake keadilan lan kamardikan kaya jaman jayane Majapait biyen. Dadi upama mati iya mati kayadene pahlawan bela bebener, bela keadilan. Bela kamardikan, senajan ora tinulis ing sejarah. Dene yen patine serdhadhu Landa kuwi, patine pengkhianat sing mungsuh bangsa dhewe krana opah sekeret roti kayadene matine asu ingon-ingon." (Zaina, 2010:33)

Pethikan ing ndhuwur njlentrehake yen Bapake Nuraini njlentrehake pamikiran. Anggone ibune Nuraini ndadekake Sudrajat melbu dadi serdhadhune Landa supaya dipikirake luwih jero

maneh. Mangka yen dina mene ora ana bejane, upama Sudrajat nganti kena pati, patine kaya dene asu ingon-ingin krana sekeret roti. Beda karo patine kaum gerilyawan. Kaum gerilyawan mbela bebener lan njejegake kamardikan bangsane kang wis atusan taun dijajah. Dene patine kayadene pahlawan senjata ora tinulis ing buku sejarah.

Pamikiran bapake Nuraini kuwi ora kasil kanggo ngowahi kekarepane ibune Nuraini sing tetep nyengkuyung Sudrajat melbu dadi serdhadhu Landa. Ibune Nuraini nampik pamikiranane bapake Nur kang luwih lila yen Sudrajat melu republiken bela negara. Hegemoni kang ditindakake bapake Nuraini marang ibune Nuraini ora kasil ditindakake. Pihak kang dihegemoni yaiku ibune Nuraini nduweni pamikiran dhewe lan ora salaras karo pamikiranane pihak kang nindakake hegemoni. Mula hegemoni ing ndhuwur kalebu hegemoni minimum.

5) Hegemoni Nuraini marang Simbah

Satengahe arep bali menyang omah dheweke ketemu marang wong wadon tuwa kang lagi sekarat. Nuraini banjur nulungi wong wadon tuwa kasebut. Wong wadon kasebut bola-bali nyebut jenenge anake lan bola-bali nedya mati. Hegemoni kang ditindakake Nuraini marang wong wadon tuwa utawa simbah kasebut yaiku kanthi cara nandur pamikiran ngenani alane nedya pati tanpa kersane Gusti. Hegemoni kasebut bisa dideleng ana ing pethikan ngisor iki.

"Aku mbah, aku Nur. Kancane thole, thole geneya mbah?"

"Kancane,ah kancane thole? Anu, thole dirajang mimis ...ah, Gusti..... Gusti, geneya.....geneya thole budhal dhisik ???"

"Mbah, aja nedya mati mbah, kuwi padha karo nglalu. Mati sasar, pati aja ditemaha ning yen nekani tampanen kanthi ikhlas. Mbah, sapa jenenge thole? Sapa mbah?" (Zaina, 2010:44)

Wong wadon tuwa sing ditemokake Nuraini kuwi gumlinting ana ing mburi gerdhu kaningaya. Wiwitane wong tuwa kuwi ora gelem ditulungi Nuraini. Dheweke kepengin mati. Bola-bali dheweke nedya mati kanggo nyusul anake. Kanthi tersirat Nuraini mrentah wong tuwa kuwi supaya nglalakake patine anake. Upama wong tuwa kuwi nedya mati, patine kalebu mati sasar. Nuraini uga kandha yen perkara mati aja ditemaha nanging yen teka kudu ditampa kanthi ikhlas.

Hegemoni sing ditindakake Nuraini marang Wong tuwa ing ndhuwur yaiku supaya wong tuwa kuwi aja temaha mati lan ngikhlaskake patine anake. Wong tuwa kuwi banjur gelem ditulungi karo Nuraini. Mula saka iku hegemoni ing

ndhuwur kalebu hegemoni total. Pihak kang dihegemoni nampa pamikiran utawa prentah saka pihak kang nindakake hegemoni tanpa anane rasa kapeksa.

6) Hegemoni Baharudin marang Jambur

Bharudin lan Jambur yaiku tilik sandi bangsa Landa sing nyamar dadi republiken. Hegemoni Baharudin marang Jambur kedaden nalika kekarone kanthi ora sengaja nemokake Nuraini lan simbah ing tengah alas. Baharudin lan Jambur nduweni pangira yen Nuraini kuwi nduweni sesambungan kang penting karo Harmoko. Mula saka kuwi Nuraini bisa didadekake umpan kanggo mbanda Harmoko. Jambur nduweni niat kanggo nyerahake Nuraini marang Encok Siwalan, nanging dening Baharudin dialang-alangi. Baharudin nindakake hegemoni marang Jambur. Hegemoni kasebut bisa dideleng ana ing pethikan ngisor iki.

"Apa ora luwih patut manawa bintang sumlempit ing dhadhamu tinimbang ana ing dhadhane Encok Siwalan? Lan pethi dhuwit dibukak ing tanganku? Utawa sebalike? Hahh, awake dhewe wong loro mbesuk sing bisa mbanda Harmoko." (Zaina, 2010:56)

"Apa kowe kuwatir yen dakkhianati Mbur? Iki dudu pengkhianatan, iki adil. Sing nyekel Harmoko awake dhewe, sing wenang nampa pituwase ya awake dhewe. Aku karo kowe! Lan aku ora lara atiku kena tempitingmu."

Jambur mung bisa meneng, atine krasa ketatab. (Zaina, 2010:56)

Nalika Baharudin lan Jambur nemokake simbah lan Nuraini ing jero alas. Jambur nduweni pamikiran yen Nuraini bisa didadekake umpan kanggo mbanda Harmoko. Tumrape Jambur babagan kuwi bakal ndadekake *missine* Encok Siwalan rampung lan Encok Siwalan bakal antuk ganjaran lan pangkat saka Letnan. Baharudin nduweni pamikiran liya. Dheweke kandha marang Jambur ngapa kudu Encok Siwalan sing nampa ganjaran saka Letnan kamangka sing kasil nyekel Harmoko kuwi Baharudin lan Jambur. Kudune sing nampa ganjaran saka Letnan uga Baharudin lan Jambur, dudu Encok Siwalan. Jambur banjur sarujuk karo apa sing dikandhakake Baharudin mau.

Hegemoni Baharudin marang Jambur kalebu hegemoni total. Hegemoni saka Baharudin kasil mangaribawani pamikiranane Jambur. Jambur wiwitane nduweni pamikiran yen Nuraini arep diwenehake Encok Siwalan supaya didadekake umpan kanggo mbanda Harmoko lan oleh

pituwas saka Letnan banjur diwurungake. Dheweke sarujuk karo pamikiranane Baharudin. Ganjaran saka Letnan kudune ditampa dheweke lan Baharudin amarga sing nemokake Nuraini kuwi dheweke lan Baharudin, dudu Encok Siwalan.

7) Hegemoni Tuwan Bule marang Telik Sandhine

Hegemoni minangka praktek dominasi lan mangaribawani pamikiran kang ditindakake sawijine masyarakat utawa golongan masyarakat kanthi nandur *ideologi*. Golongan masyarakat kang ana sajrone posisi nindakake hegemoni nduweni kalungguhan minangka panguwasa. Sajrone posisi kuwi golongan masyarakat kasebut kudu nindakake hegemoni kanggo mertahanake wilayah kakuwasaane. Semana uga Tuwan Bule, dheweke minangka panguwasa kang dominan nalika kuwi. Kanggo mertahanake wilayah penjajahane dheweke banjur nindakake hegemoni marang telik sandhine. Hegemoni kasebut bisa dideleng ana ing pethikan ngisor iki.

"Gak ana mung kabar saka tuwan Bule."
"Surasane?"

"Tambahane janji ganjaran marang sapa sing bisa nyekel urip-uripan si Moko karo Amak Safaat saka gerilyawan "Rencong" sing hijrah menyang pagunungan kene sisih kulon." (Zaina,2010:58)

Pethikan ing ndhuwur ngandharake yen hegemoni uga ditindakake Tuwan Bule marang tilik sandhine sing nyamar dadi gerilyawan. Gerilyawan-gerilyawan kang nentang Landa dianggep dadi pepadhang penjajahan bangsa Landa. Mula saka iku kanggo mertahanake penjajahane, Tuwan Bule nindakake hegemoni marang telik sandhine supaya nyekel para pamimpine para gerilyawan. Hegemoni kasebut ditindakake kanthi iming-iming tambahan ganjaran. Hegemoni kasebut kasil ditindakake. Salah sawijine telik sandhine yaiku Encok Siwalan nduweni *missi* kanggo mbanda Harmoko supaya antuk sapethi dhuwit lan dhadhane dislempiti bintang saka Tuwan Bule. Mula saka iku, hegemoni ing ndhuwur kalebu hegemoni total.

8) Hegemoni Jambur marang Encok Siwalan

Miturut Gramsci hegemoni bisa disebabake saka *kultural, ideologi, politik lan ekonomi* (Faruk, 2010:133-134). Hegemoni kang ditindakake Jambur marang Encok Siwalan disebabake saka *faktor politik lan ekonomi*. Jambur ora trima yen sing bakal nampa bintang lan sapethi dhuwit kuwi Encok Siwalan kamangka sing nemokake Nuraini kuwi Baharudin lan dheweke. Jambur

banjur nyusun rancangan kanggo njebak Encok Siwalan. Encok Siwalan dihegemoni dening Jambur supaya dheweke manut marang rancangane. Hegemoni kasebut bisa dideleng ana ing pethikan ngisor iki.

"Apa tetemon karo "Sriti" ora bisa diwurungake utawa disemayani wektune?"
"Geneya kudu ngono Mbur, iki rak keuntungan kita!"

"Bener, kesempatan kanggo adu-arep. Kuwi ora ateges kesempatan kanggo nyekel Moko."

"Dudu kuwi sing dakkarepake. Apa kowe yakin manawa awake dhewe sing masang wuwu, apa kira-kira dudu awake dhewe sing dipasang wuwu? Elinga, Moko sakancane dudu bocah bodho, ora gampang diakali." (Zaina, 2010:61)

Jambur nindakake hegemoni marang Encok Siwalan. Hegemoni kang ditindakake yaiku rancangan Encok Siwalan kanggo nganakake tetemon karo "Sriti" supaya bisa diwurungake. Sadurunge Encok Siwalan wis nata rancangan kanggo mbanda Harmoko. Rancangan sing wis timbang kanthi apik dening Encok Siwalan kudu pikirake maneh.

Hegemoni kang ditindakake Jambur ditampa dening Encok Siwalan. Rancangan sing wis ditimbang kanthi apik diwurungake. Dheweke manut marang rancangan saka Jambur. Saliyane iku kang njalari Encok Siwalan manut karo rancangane Jambur yaiku amarga Jambur kandha yen dheweke kasil nangkup bocah wedok sing ora liya yaiku kekasihe Harmoko. Mula saka iku, hegemoni Jambur marang Encok Siwalan kalebu hegemoni total. Pihak kang dihegemoni sarujuk karo pamikiranane pihak kang nindakake hegemoni.

9) Hegemoni Amalia marang Baharudin

Amalia yaiku pawongan sing dikirim Letnan Keurt kanggo dadi telik sandhine ing tengah-tengah gerombolan "Sriti". Dheweke ngewangi Baharudin kanggo nganakake rancangan kanggo nungkep Harmoko supaya Baharudin enggal diangkat dadi Letnan. Hegemoni kang ditindakake Lia marang Baharudin yaiku supaya Baharudin enggal mbanda Harmoko. Pethikan kang ngemu hegemoni kasebut bisa dideleng ana ing ngisor iki.

"Kowe kepengin kabeh janji enggal rampung Din?"

Sing ditakoni ndengengek.

"Iya? Enggal rampung sadurunge perang mungkur?"

"Priye karepmu Lia?"

"Harmoko enggal tangkepen, diadhepake komandhan. Ganjaran lan bintang enggal ngrenggani dhadhamu, dhadhane Letnan Bahrudin. ..." (Zaina, 2010:83)

Hegemoni Lia marang Baharudin uga bisa ditemokake ing pethikan liya. Kanggo mbanda Harmoko kudu nyusun rencana kanthi bener. Kahanan iki dimanfaatake dening Amalia kanggo ndadekake Nuraini sandra. Hegemoni kang ditindakake Amalia marang Bahrudin bisa didheleng ing pethikan ngisor iki.

"Nuraini dadekna sandra, Moko undangan ing dina sing wis dipesthekake, tungkepen dheweke ing papan sing wis kok siapake."

"Yen dheweke ora nekani?"

"Ancamen kekasihe kuwi bakal kok gantung utawa kok uncalake saka ndhuwur jurang. Dheweke mesthi teka, mengko aku sing ngatur pratikel saka markas "Sriti". Kanthi mengkono aku bakal enggal bisa netepi prasetyaku, ora perlu ngenteni rampunge perang." (Zaina, 2010:83)

Amalia nggawe rencana kanggo mbanda Harmoko. Nuraini didadekake sandra supaya Harmoko gelem diajak tetemon. Amalia uga mrentah Baharudin supaya ngancem Harmoko bakal nggantung utawa nguncalake Nuraini menyang jurang yen Harmoko ora gelem nekani tetemon kuwi. Baharudin manut marang rancangane Amalia. Dheweke yakin yen rancangan kuwi bakal kasil lan bintang bisa enggal sumlempit ana ing dhadhane sadurunge perang rampung. Amalia kasil ndadekake Baharudin nampa pamikirane kasebut. Baharudin nampa pamikirane Amalia tanpa anane rasa kapeksan. Mula hegemoni ing ndhuwur kalebu hegemoni total.

10) Hegemoni Antheke Landa marang Harmoko

Antheke Landa kang nindakake hegemoni marang Harmoko yaiku Baharudin. Petungan kanggo mbanda Harmoko lumantar Encok Siwalan ora kasil. Petungan kasebut mleset lan ndadekake Encok Siwalan mati. Amalia menehi saran marang Baharudin supaya nggawe petungan anyar lan petungan sing saiki Amalia sing nyusun. Nuraini isih ana ing tangane Baharudin. Mula saka iku Nuraini isih bisa didadekake tameng lan umpan kanggo ngadepi Harmoko. Baharudin banjur ngirim layang kaya apa sing wis dipetungake Amalia. Baharudin ngajak Harmoko supaya nyerahake saperangan kareben lan peluru sapethi kanggo nebus Nuraini. Hegemoni Baharudin marang Harmoko bisa dideleng ana ing pethikan ngisor iki.

"Ngertia manawa lakune Nuraini diincer pirang-pirang cangkem bedhil saka lelik-lekiking petengan sing ngupengi grojogan iki, lan sawayah-wayah granat sing kumalung ing gulune bisa dibledhosake. Ha-ha-haaa.....dadi pacoban nylametake Kenya iki tanpa nuruti tuntutanku ateges bunuh-dhiri ngiras ngirim Nuraini langsung menyang neraka! Ngerti kowe Harmoko! Wis, wis pethi pelor lan bedhil-bedhil sing dakkarepake gawanen menyang sandhing bedhiyang. Selehna ana kono lan tinggalen sadurunge kowe njupuk bali prawan kekasihmu Mok, kanggo wektu nlinti barang-barang sing kokpasrahake...." (Zaina, 2010:91)

Layang sing dikirim Baharudin kasil nggawe Harmoko teka ing papan sing wis dipilih Baharudin gawe tetemon wengi iku. Kanthi alasan bakal mateni Nuraini, Baharudin mancing Harmoko supaya dheweke nebus Nuraini nganggo karaben lima, revolver loro lan peluru sapethi. Baharudin ngancem bakal mateni Nuraini uga Harmoko yen Harmoko nganti konangan ngapusi Baharudin. Baharudin uga mrentah Harmoko supaya nyeleh tebusan sing dikarepake Baharudin ing sandhing bedhiyang. Rumangsa wedi karo ancemane Baharudin lan kuwatir karo kaslametane Nuraini, Harmoko kapeksa nuruti prentahe Baharudin lan nindakake kaya apa sing diomongake Baharudin.

Hegemoni kang ditindakake Baharudin marang Harmoko kasil ditindakake. Harmoko nindakake apa sing diprentahake Baharudin supaya Nuraini bisa dislametake. Hegemoni kaya mangkono kalebu hegemoni *merosot*, amarga senajan hegemoni kasil ditampa dening pihak kang dihegemoni, nanging pihak kang dihegemoni ora temen-temen salaras karo pamikirane pihak kang nindakake hegemoni. Harmoko kasil dihegemoni dening Baharudin kanthi kapeksa.

11) Hegemoni Baharudin marang Amalia

Petungan kaping loro kang ditindakake pranyata mbreset maneh. Harmoko ora kasil dibanda lan Baharudin kena tembak saka tangane Amalia. Amalia ora mangerteni yen wong wadon sing didadekake umpan kuwi Baharudin sing lagi nyamar. Amalia ngira yen kuwi Nuraini. Nalika petungan kuwi mbreset, Amalia kapeksa nembak wong wadon sing dikira Nuraini kuwi. Bab kasebut ditindakake Amalia kanthi alasan supaya ora ana wong wadon liya sing bisa ngrebut Harmoko saka dheweke. Amalia nyedhaki wong wadon sing wis ditembak kuwi. Dheweke kaget nalika mangerteni yen sing ditembak kuwi Baharudin sing nyamar dadi Nuraini. Amalia

nangis amarga ngrasa salah. Baharudin kang lagi sekarat kuwi banjur pesen marang Lia supaya dheweke enggal nglereni anggone dadi telik sandi. Hegemoni kasebut kanthi sadhar ditindakake Baharudin. Hegemoni kasebut bisa dideleng ana ing pethikan ngisor iki.

Alon pipi teles diusapi, banjur kandhane, "Amalia, kowe wis wayahe bali metu saka alas lan mudhun saka pagunungan sing kebak hera-heru iki. Kowe senajan lola jejer dadi prawan manis akeh tangan-tangan sing gelem nulung. Kiraku wis ora ana perlune maneh kowe nglakoni rekasa nasak-nasak grumbul lan urip kasang saya kaya dina-dina sing keru iki." (Zaina, 2010:102)

Saka pethikan ing ndhuwur, Baharudin kandha marang Amalia supaya dheweke wis wayahe bali metu saka alas lan leren anggone dadi telik sandhine bangsa Landa. Baharudin yakin yen isih akeh tangan-tangan sing gelem nulung bocah manis kaya Amalia. Miturute Baharudin, Amalia wis ora perlu maneh nglakoni rekasa ing kahanan sing lagi geger nalika kuwi. Lia ora trima marang apa sing dikandhakake Baharudin. Dheweke yakin yen bakal kasil nguber wong sing getihe wong tuwane senajan ijen. Amalia ora bakal mlayu mundur sadurunge ngrampungu tekade anggone nebus patine wong tuwane.

Hegemoni Baharudin marang Amalia yaiku supaya Amalia leren anggone dadi telik sandi lan ora perlu maneh nglakoni rekasa ing kahanan geger nalika kuwi. Hegemoni kasebut ora kasil ditampa dening Amalia. Pihak kang dihegemoni luwih mertahanake pamikirane dhewe. Tingkat hegemoni kaya mangkono kalebu hegemoni *minimum*.

12) Hegemoni Harmoko marang Nuraini

Hegemoni Harmoko marang Nuraini yaiku supaya dheweke percaya marang Harmoko. Rasa tresna kang gedhe marang Harmoko ndadekake Nuraini nekad nentang kekeparepan Ibune lan mlayu saka omah saperlu kanggo nemoni Harmoko. Pangurbanane Nuraini kasebut pranyata sia-sia. Nalika tekan nggunung Nuraini mangerteni yen wis ana wong wadon liya ing sisihe Harmoko. Kadadeyan kasebut ndadekake Nuraini milih nurut marang kaputusanane Ibune kanggo ngramakake dheweke karo Letnan Jaladri. Hegemoni Harmoko marang Nuraini bisa dideleng ana ing pethikan ngisor iki.

"Ora, kowe kudu melu aku menyang nggunung Nur!"

"Perlune apa mas?"

"Aku ora lila anane lelakon iki yen kowe durung ngerti manawa kabeh kuwi mung amarga salah pahammu, kowe kudu weruh kanyatan ing kana. Dene yen kowe wis weruh kanyatane, nanging tetep arep tumiba ing tangane Letnan Jaladri sing wis kok antepi wektu iki kuwi terserah kowe, Nur. Aku ora bakal ngalang-alangi kowe asrah awak ing pangkone Jaladri, pancen aku dhewe ugi ora bisa nresnani wong sing ora tresna karo aku. Aku ora bakal meksa kowe. Wong lanang luwih gampang nglalekake cati-tresna...." (Zaina, 2010:113)

Pangurbanane Nuraini budhal menyang pagunungan kanggo ketemu Harmoko pranyata mung ngasilake rasa kuciwa. Nuraini rumangsa wis diapusi tresnane karo Harmoko. Nuraini mangerteni yen ing ndhuwur gunung wis ana wong wadon liya ing sisihe Harmoko. Kadadeyan kasebut ndadekake Nuraini milih dalam kanggo tiba ing tangane Letnan Jaladri. Senajan ora tresna karo Letnan Jaladri, dheweke milih dalam kasebut amarga kepengin manut krenahe lan nuduhake bektine marang Ibune. Harmoko nyoba njlentrehake marang Nuraini yen pamikirane Nuraini kuwi mung salah tampa. Harmoko mbujuk Nuraini supaya gelem diajak menyang pagunung supaya ngerti kanyatan ing kana. Harmoko ora lila yen Nuraini milih dalam kasebut amarga mung salah paham wae. Dene yen Nuraini wis weruh kanyatane, Harmoko ora bakal ngalang-alangi dalam sing wis dipilih Nuraini kasebut.

Tingkat hegemoni kang ditindakake Harmoko marang Nuraini kalebu hegemoni *minimum*. Nuraini ora gelem nampa panjlentrehan saka Harmoko. Dheweke ora bisa percaya marang Harmoko lan luwih milih mertahanake kaputusanane dheweke. Atine Nuraini wis kadung kuciwa marang Harmoko, saengga Harmoko ora kasil mbujuk Nuraini kanggo.

13) Hegemoni Amalia marang Letnan Jaladri

Sawise mangerteni kasunyatan saka Baharudin, Amalia banjur hiyanat marang Letnan Jaladri. Amalia ngewenehi pamanggih marang Letnan Jaladri supaya nganakake serangan menyang susuhe gerilyawan. Kabeh kuwi ditindakake Amalia mung krana kepengin njebak Letnan Jaladri. Hegemoni Amalia marang Letnan Jaladri bisa dideleng ana ing pethikan ngisor iki.

"Rencana kuwi kudu ditunjang letnan, akhir minggu iki situasi nguntungake kahanan kita. Panjenengan sing kudu ngusulake, atas dhasar analisa saka aku. Yen perlu aku sawayah-wayah bisa dipanggil ngadhep komandhan."

Letnan Jaladri meneng ing kursine.
“Emut letnan, manawa operasi akhir minggu iki mengko berhasil, pangkatmu mesthi diunggahake. Kuwi aku yakin, lan aku bisa cawe-cawe.” (Zaina, 2010:120)

Pethikan ing ndhuwur ngemu hegemoni Amalia marang Letnan Jaladri. Amalia nduweni pamanggih supaya operasi menyang susah gerilyawan kudu ditindakake ing akhir minggu. Lia kandha yen situasi nalika kuwi nguntungake kanggone Bangsa Landa amarga sajrone kalangan gerilyawan ana *perpecahan*. Amalia menahi saran supaya Letnan Jaladri dhewe sing ngusulake menyang komandhan. Upama operasi iki kasil, Amalia uga bisa mastekake yen Letnan Jaladri bakal diunggahake pangkate.

Hegemoni Amalia marang Letnan Jaladri yaiku kanthi cara ngewenehi saran marang Letnan Jaladri supaya ngusulake nganakake operasi ing akhir minggu marang Komandhan. Letnan Jaladri sarujuk marang pamanggihe Amalia. Saliyane iku yen operasi kasebut kasil ateges pangkate bisa munggah. Pamanggihe Amalia kasil ditampa dening Letnan Jaladri. Mula saka iku, hegemoni kaya mangkono kalebu hegemoni total, amarga pihak kang dihegemoni salaras karo pamikirane pihak kang nindakake hegemoni.

14) Hegemoni Amalia marang Nuraini

Hegemoni Amalia marang Nuraini yaiku ngenani kaputusanane Nuraini kanggo dikrama karo Letnan Jaladri. Amalia nyoba mbujuk Nuraini supaya nimbang maneh dalan sing dipilih kasebut. Amalia yakin yen satemen Nuraini babar pisan ora nresnani Letnan Jaladri. Hegemoni kasebut lumaku kanthi ora sadhar. Hegemoni Amalia marang Nuraini bisa dideleng ana ing pethikan ngisor iki.

“Kowe wadon sing duwe ati kukuh Nur, kowe bisa nguwasani pambludage atimu. Nur, playune ati tresna sing kagelan mesthine ora mrana. Isih ana dalan liya sing luwih becik.” (Zaina, 2010:124)

Amalia nyoba takon marang Nuraini ngenani kaputusanane gelem dikrama karo Letnan Jaladri. Amalia takon marang Nuraini apa bener dheweke tresna marang Letnan Jaladri. Nuraini ora mangsuli pitakonane Amalia, dheweke malah mangsuli yen dheweke tresna Ibune. Amalia bisa maca apa sing ana ing jero atine Nuraini. Satemen anggane Nuraini gelem dikrama Letnan Jaladri kuwi minangka papan playone ati sing nemahi kacuwon lan kelangan pangarep-arep. Nuraini nangis nalika Amalia kandha kaya mangkono. Nuraini banjur blaka yen atine lara amarga

dheweke ngrasa yen tresnane diapusi. Amalia kandha yen Nuraini kudune bisa nguwasai atine, dheweke yakin isih ana dalan liya sing luwih becik.

Hegemoni Amalia marang Nuraini yaiku supaya dheweke murungake kaputusan gelem dikrama Letnan Jaladri. Amalia uga kandha yen kaputusan sing dipilih Nuraini kuwi mung amarga rasa kuciwa ing atine marang Harmoko. Hegemoni kasebut kasil mangaribawani pamikirane Nuraini. Nuraini ngrasa yen kaputusanane gelem dikrama Letnan Jaladri pancen salah. Mula saka iku, hegemoni ing ndhuwur kalebu hegemoni total.

Saliyane dihegemoni supaya murungake kaputusanane, Nuraini uga dihegemoni supaya Nuraini ora percaya marang warta yen Harmoko ngapusi tresna sucine. Hegemoni kasebut bisa dijinggleng ana ing pethikan ngisor iki.

“Nuraini cah ayu, percayaa aku! Harmoko isih wutuh nresnani kowe, lan telik-sandi mungsuh sing jaremu wis kelakon ngrebut atine kekasihmu kuwi saiki wis lebur, wis ora ana maneh. Harmoko kudu kok tulung, perjuangane bakal gagal tanpa kowe ing sisihe. Saiki atine sumyur amarga kowe, mangka kowe ngerti dheweke benggole grombolan “Sriti” sing sirahe mawa pengaji saka mungsuh. Iki sing dakarani perjuangan mbutuhake kowe Nur.” (Zaina, 2010:126)

Amalia nyoba nyethakake yen warta ngenani Harmoko nduweni wong wadon liya kuwi mung salah tampane Nuraini. Amalia kandha satemene yen Harmoko isih wutuh nresnani Nuraini. Wong wadon sing jare Nuraini kelakon ngrebut atine Harmoko kuwi wis ora ana. Amalia uga kandha yen wong wadon kasebut kuwi telik sandhine mungsuh. Nuraini kudu nulung Harmoko. Miturute Amalia, perjuangane Harmoko bakal gagal tanpa Nuraini ing sisihe. Saka pethikan ing ndhuwur, Nuraini dihegemoni supaya ora percaya marang warta yen Harmoko nduweni wong wadon liya.

PANUTUP

Dudutan

Andharan sajrone novel SBSK kanthi tintingan sosiologi sastra bisa didudut telung perangan. Sepisanan, sesambungan antarane paraga siji lan sijine sajrone novel SBSK. Sesambungan antarane paraga siji lan paraga liyane sing bisa diperang dadi 11 yaiku, sesambungan antarane telik sandhi lan republik kaya sesambungane Amalia lan Harmoko, lan sesambungane Baharudin lan Harmoko.

Sesambungan antarane pacangan kekasih yaiku antarane Harmoko lan Nuraini. Sesambungan antarane ibu lan anak yaiku Ibu lan Nuraini. Sesambungan masyarakat kang nyengkuyung perjuwangane gerilyawan lan gerilyawan kayata sesambungane Kondektur lan Harmoko, Lik Itun lan Harmoko, simbah lan Nuraini, lan wong wadon-wadon lan Harmoko. Sesambungan antarane antheke Landa lan kaum gerilyawan kaya sesambungane serdhadhu lan Harmoko lan sesambungane Baharudin lan Harmoko. Sesambungan kanca saperjuwangan yaiku sesambungan antarane Harmoko lan Rifai Halim. Sesambungan wong bebojoan yaiku sesambungan antarane Bapak lan Ibune Nuraini. Sesambungan antarane antheke Landa lan masyarakat sing ora seneng marang penjajahan bangsa Landa yaiku sesambungan antarane Letnan Jaladri lan Nuraini. Sesambungan antarane para antheke Landa yaiku sesambungan antarane Amalia lan Baharudin, Baharudin lan Jambur, Baharudin lan Encok Siwalan, Jambur lan Encok Siwalan, banjur sesambungane Letnan Jaladri lan Amalia. Sesambungan antarane Pamimpin lan antheke yaiku sesambungan antarane Tuwan Bule lan telik sandhine. Sesambungan anatarane wong wadon kang nresnani jejak kang padha yaiku sesambungan antarane Amalia lan Nuraini

Adhedhasar andharan kaping pindho bisa didudut konflik-konflik kang ana sajrone novel SBSK sing bisa diperang dadi pitu yaiku konflik antarane ibu lan Nuraini babagan ora sarujuke ibu menawa Nuraini nresnani Harmoko, konflik antarane ibu lan bapak babagan mlebu Sudrajat dadi serdhadhu, konflik antarane Jambur, Baharudin lan Encok Siwalan babagan rebutan ganjaran saka Tuwan Bule, konflik antarane Amalia lan Nuraini babagan nresnani wong lanang kang padha, konflik antarane Harmoko lan Nuraini babagan nyidrani tresna, konflik antarane Amalia lan Kaum republik babagan patine wong tuwane Amalia, lan kang pungkasan yaiku konflik antarane bangsa Landa lan kaum republiken babagan rebutan kakuwasan lan kamardikan.

Adhedhasar kang pungkasan bisa didudut menawa paraga-paraga sajrone novel SBSK kang nindakake hegemoni yaiku Amalia marang Harmoko, kondektur marang Harmoko, Ibu marang Nuraini, Bapak marang Ibu, Nuraini marang simbah, Baharudin marang Jambur, Jambur marang Encok Siwalan, antheke Landa marang Harmoko, Baharudin marang Amalia, Harmoko marang Nuraini, Amalia marang Letnan Jaladri, lan sing pungkasan yaiku Amalia marang Nuraini. Hegemoni kasebut yaiku hegemoni supaya manut marang sawijine prentah,

hegemoni supaya manut marang sawijine pamikiran, lan hegemoni kanggo njlomprongake. Wujud hegemoni kang ditindakake ana telu yaiku, hegemoni total, hegemoni *merosot*, lan hegemoni *minimum*.

Pramayoga

Panliten tumrap novel SBSK anggitane Haztin Zaina iki mujudake aspek-aspek kapisan sing isih bisa diteliti maneh. Bab kang kawedhar mung salah sawijine perangan kang narik kawigaten ing novel lan isih akeh perangan liya kang perlu diteliti saengga pemahan tumrap novel iki bisa luwih jero. Mula saka kuwi, dikarepake panliti liya kanggo nlliti objek kang padha kanthi luwih jero saka maneka warna aspek.

Panliti nduweni pangajab panliten kasebut nduweni paedah kanggo nyengkuyung ngrembakane kasusastran Jawa modern mligine novel. Panliten uga dikarepake bisa menahi pasinaonan tumrap pamacane. Amarga akeh piwulang sing bisa disinaoni sajrone novel Sapecak Bumi Sing Kobong anggitane Haztin Zaina. Panliten iki dikarepake bisa menahi referensi lan bisa mbiyantu tumrap panliten sabanjure kang saemper supaya bisa luwih jangkep lan ngrembaka. Panliti nduweni pangajab panliten iki bisa migunani kanggo para pengarang utawa sastrawan supaya bisa luwih ngrembakakake kreativitas anggone nyiptakake sawijine kasusastran mligine novel.

KAPUSTAKAN

- Aminudin. 2004. *Pengantar Apresiasi Karya Sastra*. Bandung: Sinar Baru Algensindo
- Arikunto, Suharsini. 2006. *Prosedur Penelitian Suatu Pendekatan Praktik*. Jakarta: Rineka Cipta.
- Bucok, Robert. 2007. *Pengantar Komprehensif untuk Memahami Hegemoni*. Yogyakarta: Jalasutra.
- Damono, Supardi Djoko. 1978. *Sosiologi sastra; Sebuah Pengantar Ringkas*. Jakarta: Pusat Pembinaan dan Pengembangan Bahasa Departemen Paendidikan dan Kebudayaan
- Darni. 2015. *Keerasan Terhadap Perempuan dalam Fiksi Jawa Modern*. Surabaya: Bintang.
- Endraswara, Suwardi. 2008. *Metode Penelitian Sastra Edisi Revisi*. Yogyakarta: Med Press.

- Fananie, Zainudin. 2000. *Telaah Sastra*. Surakarta: Muhammadiyah University Press.
- Faruk, 2010. *Pengantar Sosiologi Sastra: dari Strukturalisme Genetik sampai Post-Modernisme*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar.
- Hutomo, Suripan Sadi. 1975. *Telaah Kasusastran Jawa Modern*. Surabaya: Pusat Pembinaan dan Pengembangan Bahasa Departemen Pendidikan dan Kebudayaan.
- _____. 1997. *Sosiologi Sastra Jawa*. Jakarta: Balai Pustaka.
- Khoirum Fitroh, Fibetti. 2012. *Hegemoni dalam Noda Tak Kasat mata Karya Agnes Jesica (Kajian Antonio Gramsci)*. Skripsi tidak diterbitkan. Surabaya: JBSI FBS Unesa.
- Moleong, Lexy J. 2002. *Metodelogi Penelitian Kualitatif*. Bandung: PT Remaja Rosdakarya.
- Mujiati. 2006. *Hegemoni Kekuasaan dalam Novel Pasar Karya Kuntowijoyo*. Skripsi tidak diterbitkan. Surabaya: JBSI FBS Unesa.
- Najid, Moh. 2009. *Mengenal Apresiasi Prosa Fiksi*. Surabaya: University Press.
- Nurgiyantoro, Burhan. 2002. *Teori Pengkajian Fiksi*. Yogyakarta: Gajah Mada University Press.
- Patria, dkk. 2012. *Antonio Gramsci, Negara dan Hegemoni*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar.
- Penyusun, Tim. 2001. *Ikhtisar Perkembangan Sastra Jawa Modern Periode Kemerdekaan*. Yogyakarta: Kalika Press
- Pip, Jones. 2010. *Pengantar Teori-Teori Sosial : Dari Teori Fungsionalisme hingga Post-modernisme*. Jakarta : Yayasan Pustaka Obor Indonesia.
- Purnomo, Bambang. 2013. *Filologi dan Studi Sastra Lama*. Surabaya: Perwira Media Nusantara
- Rass, J. J. 1985. *Bunga Rampai Sastra Jawa Mutakhir*. Jakarta : PT Grafitipers.
- Ratna, Nyoman Kutha. 2013a. *Paradigma Sosiologi Sastra*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar.
- _____. 2013b. *Teori, Metode, dan Teknik Penelitian Sastra*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar.
- Ryan, Michael. 2011. *Teori Sastra, Sebuah Pengantar Praktis*. Yogyakarta: Jalasutra.
- Salman Ma'arif, Mohammad. 2015. *Hegemoni Terhadap Tokoh Saya (Sudrun) dalam Novel Sastra Jendra Hayuningrat Pangruwating Diyu*. Skripsi tidak diterbitkan. Surabaya: JBSI
- Semi, Atar. 1993. *Anatomi Sastra*. Bandung: Angkasa Raya
- _____. 1985. *Kritik Sastra*. Bandung: Angkasa
- Siswantoro. 2005. *Metodelogi Penelitian Sastra: analisis psikologi*. Surakarta: Muhammadiyah University Press.
- Sumardjo, Jakob & Saini K.M. 1986. *Apresiasi Kasusastraan*. Jakarta:PT Gramedia.
- Sunarto. 2001. *Metode Penelitian Ilmu-Ilmu Sosial dan Pendidikan: Pendekatan Kuantitatif Kualitatif*. Surabaya: University Press.
- Suwarni. 2013. *Sastra Jawa Pertengahan*. Surabaya: Perwira Media Nusantara (PMN)
- Warren, Rene Wellek & Austin. 1990. *Teori Kasusastraan*. Jakarta: Gramedia.
- Zaina, Haztin. 2010. *Sapecak Bumi Sing Kobong*. Tulungagung: Nusa Jaya